## МКОУ «Буртунайская СОШ»

## 7 классалъул рагьараб дарс

# "Маг1арулай"

Х1адурана :Х1ажиева М.М.

Дарсил тема :

Асадула Мух1амаев гьавуна 1896 с Хунзахъ р Гьамущиб рос. Мискинал рекьарухъабазул хъизамалда . Гьит1инго вит1ана г1араб ц1ализе . Дагьабги лъай щвезеялъе г1оло гьев имг1алас Турциялде вачуна. Гьенив ва Сириялда бат1и-бат1иял мадрасазда ц1ализавула ,лъик1аб лъайги щун,1913 с дагъистаналде т1ад вуссуна.Темир –Хан-Шура бугеб Мирза Мавраевас рагьараб басмаханалда г1ажам ва г1араб мац1алъ т1ахьал хъвалев чилъун х1алт1ула. Гьесда лъик1 лъалаан г1араб,турк, лъараг1,г1урус мац1ал. Мух1амаевас г1урус мац1алдаса авар мац1алде руссинаруна Чуковскиясул,Лермонтовасул,Толстоясул асарал.

Асадулагьица хъвана «Маг1арулай» (1951), «Чаландарил сапар» (1955),

Тема:Асадула Мух1амаев «Маг1арулай»

Дарсил мурад:Асадула Мух1амаевасул г1умруялъул х1акъалъулъ лъималазда лъай , «Маг1арулай» къисаялъул аслиял багьадуразул г1амал- хасият рагьизе, калам цебет1езаби ,г1акълу камил гьаби.

1. «Унсоколоса Х1ожоги »- жанр?
2. Хат1а- раг1ул маг1на?
3. Тунка –г1унси, раг1и данде ккунгут1и?
4. Сюжет сунда абулеб?
5. 1877-1951 –шаг1ир?
6. Т1укъби рищизе –маг1на?
7. Г1емер лъадахъани г1ерет1 бекулин
   Г1ела гьанжелъаг1ан гьабураб зарал
   Бак1лъани х1амица гьирги рехулин
   Дагьаб ч1оло къан лъик1,ч1алг1ине гурин (автор ва ц1ар)

8.Гъуниб районалъул Сугъралъ росулъ гьавурав шаг1ир

9. «Г1андалал»къисаялъул тема .

10.Эпос ва гьелъул жанрал

«К1удадаги васги» (1959) абурал къисабиги цо чанго хабарги.
Хвана Асадула Мух1амаев 1965 соналъ «Маг1арулай» къисаялъул «Маккикъор» абураб бут1а ц1ализе
Рокъобе х1алт1и «Маккикъор» ц1ализе ва рич1ч1изе зах1матал раг1абазе баян кьезе.
Дарс г1амлъизабила , къиматал лъела.